# STUDENT JASLARDIŃ RUWXIY TÁRBIYASIN JETILISTIRIW USILLARI

***Tólegenova Nargiza Kurbanbaevna***

*Annotaciya*

*Maqalada student jaslarda ruwxıy qádiriyatlardı rawajlandırıwdıń ilimiy-teoriyalıq, metodologiyalıq hám metodikalıq qatnaslar analizlengen. Student jaslardıń ruwxiy-ádep-ikramlılıq mádeniyatı mashqalasına tiyisli jergilikli hám shet el alımlarınıń ilimiy izertlewlerinen misallar keltirilgen. Innovaciyalıq texnologiyalardan texnika joqarı oqıw orınları studentlerinde oqıtıw quralı sıpatında paydalanıw zárúrligi ilimiy izertlengen. Ayırım ilimiy izertlewlerden mısallar keltirilgen.*

*Gilt sózler: Ruwxiy qádiriyatlar, shaxs mádeniyatı, ruwxıy jetik shaxs, idealogiya, demokratiyalıq jámiyet*

***Kirisiw***

Hár bir jámiyet óz rawajlanıw jolın málim bir ideya tiykarında belgilep aladı. Sol qatarda bizler de erkin rawajlanıw hám abadan turmıs qurıw maqsetinde óz milliy ideyamız baǵdarınan barmaqtamız. Ózbekstan Rawajlanıw strategiyasınıń baslı baǵdarları da mine usı ideyalardı turmısqa endiriwge xızmet qıladı.

Student jaslardı ruwxıy qáliplestiriw hám olarda milliy sananı jetilistiriw mexanizmin jaratıwdan maqset – mánawiyatlı, bilimli bárkamal shaxstı tárbiyalaw ushın juwapker bolǵan oqıw orınları iskerliginiń mazmunı, forması hám olardı ámelge asırıw metodların belgilew, studentlerdiń arasında salamat ortalıq jaratıw, oqıtıwshı hám student ortasında mádeniy, óz-ara húrmet hámde isenim tiykarında qurılǵan múnásibetti jolǵa qoyıwdı támiynlewge qaratıladı.

Jańa Ózbekstanda bilimlendiriw tarawları aldında turǵan baslı wazıypalar búgingi kúnde student jaslarda mánawiyattı hám milliy sananı tárbiyalawda tiykarǵı wazıypa hár tárepleme bárkamal shaxs modelin jaratıw hám studentlerdi usı modelge say keletuǵın dárejede tárbiyalaw mexanizmin islep shıǵıwdan ibarat. Usı wazıypanı ámelge asırıwda kópshilik pedagog-tárbiyashılardıń ózlerinde ayrıqsha uqıp hám jankúyerlikti jetilistiriw dárkar.

**Tiykarǵı bólim**

Mámleketimide student jaslardı ruwxıy hám ádeplilik tárbiyalaw arqalı puqaralıq demokratiyalıq jámiyetin qurıwǵa tayarlaw maqseti áhmiyetli bolıp qalmaqta. Bul tarawda orınlanıwı tiyis bolǵan tiykarǵı wazıypa – hár tárepleme ruwxıy bárkamal jaslardı tárbiyalawdıń ilimiy-pedagogikalıq tiykarların islep shıǵıw hám onı tálim processine endiriwdiń metodikalıq támiynleniwin jaratıw sanaladı.

Pikirimizshe, ruwxıy jetik, sana sezimi qáliplesken shaxs tómendegilerge iye bolıwı tiyis: xalqımızdıń bay ruwxıy miyrasin iyelegen; ishki hám sırtqı mádeniyatqa iye; milliy qádriyatlardı biliwi hám olardı óz iskerliginde qollay alıwı; bilimli bolıwı; milliy ideya hám milliy mánawiyattıń tiykarǵı túsiniklerin biliwi; qánigeli kásip-ónerge iye bolıwı.

Student jaslardı ruwxıy-ideyalıq tárbiyalaw, olardı milliy sananı jetilistiriw úzliksiz tálim sisteması arqalı olarǵa bilim beriw, dóretiwshilik qáblietin júzege shıǵarıw, intellektual potenciyalı, kásiplik tayarlıǵın názerde tutadı. Demek, «ruwxıy jetik shaxs kelbeti – úlgisi bárkamal shaxs modeli, ruwxıy jetik shaxstıń ádeplilik sıpatları, intellektual potenciyalı, estetikalıq talǵamı, ekologiyalıq hám huqıqıy mádeniyatın óz ishine aladı”.

Dúnyalıq hám demokratiyalıq jámiyet qurıw ideologiyalıq sergeklik sanasın jaslar sanasında qáliplestiriw wazıypasın keltirip shıǵaradı. Bilimlendiriw hám tárbiya sistemasınıń barlıq basqıshlarında zamanagóy jat ideyalar hám ideologiyalıq qáwiplerdiń mazmunı, maqseti, ideyaları nelerden ibarat, insan hám mámleket, insan hám watan múnásibetleri qanday tiykarda qáliplestiriliwi kerek,

ideya hám insan, salamat ideologiya hám insan, insannıń qáwiplerdi jeńe almaw hám olarǵa qarsı tura almaw ózgesheligi sıyaqlı onlaǵan aktual máseleler boyınsha jaslar, atap aytqanda, studentlerge zamanagóy, ilimiy tiykarlanǵan, milliy, ulıwmadúnyalıq qádiriyatlarǵa tayanǵan bilim hám de kónlikpelerdi pedagogikalıq ilim hám tárbiya processinde berip barıw búgingi kúnniń zárúrli wazıypalarınan esaplanadı.

Sonı da atap ótiw kerek, hár qanday keselliktiń aldın alıw ushın, áwele, insan organizminde oǵan qarsı immunitet payda etiledi. Biz perzentlerimizdi ana Watanǵa muhabbat, bay tarıyxımızǵa, ata-babalarımızdıń múqaddes dinine sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw, áwele olardıń kewili hám sanasında ideologiyalıq immunitetti kúsheytiwimiz zárúr. Jaslarımız milliy ózligin, sonday-aq, dúnyanı túsinip jetetuǵın, zaman menen teń qádem taslaytuǵın insan bolıp jetilissin. Áne sonda jawız dogmalardıń shaqırıǵı da, ádep-ikramlıq túsiniklerin biykarlaytuǵın, biz ushın ulıwma jat ideyalar da olarǵa óz tásirin ótkere almaydı.

Tiykarınan, ideologiyalıq hám jat ideyalar qáwipi quramalı process bolıp, biziń aymaǵımızda búgingi kúnde ol óziniń bir neshe qırların kórsetpekte. Olardıń arasından ekstremizm, terrorizm, radikalizm hám separatizm sıyaqlı mámleket hám xalıq birligin qural hám qáwip arqalı qoparıwǵa qaratılǵan háreketlerdi, diniy dogmalıqsıyaqlı insan isenimi, hújdan erkinliginen ǵárezli jollar hám buzıwǵa qaratılǵan maqsetlerde paydalanıwǵa qaratılǵan urınıslardı, sonday-aq, zamanagóy jalǵan demokratiyalıq principler nıqabına oralǵan jańa siyasiy texnologiyalardı, insaniyrezervler migraciyasijárdeminde mámleket ekonomikasın zıyanlawǵa umtılıwdı óz aldına kórsetip ótiw múmkin. Olardıń maqseti qawip-qáterdi asırıw, millet, elatlar, diniy konfessiyalar arasına ala-awızlılıq taslaw, húkimetke qarsı háreketlerdi uyımlastırıwdan ibarat. Dıqqat penen qaralsa, mine sonday nıqaplanǵan maqsetler dereginde hákimiyattı qolǵa kirgiziw, bul jolda tek jaslardan paydalanıwǵa urınıw jatqanlıǵı ayqınlasadı.

Jaslardıń sanasında ideologiyalıq immunitetti payda etiw, sonday-aq, olardı diniy dogmalıqıdeyalarınan asıraw, ideologiyalıq hám ruwxıy boslıq payda

bolıwına jol qoymaw, ideyalar gúresine qarsı tura alatuǵın hár tárepleme nawqıran áwladtı tárbiyalaw, dáwirimiz, milliy máplerimiz hám mámleketshiligimiz rawajlanıwı ushın sáykes keletuǵın jańa ideologiyanı jaratıw jaslar sanasın qáliplestiriwdiń áhmiyetli wazıypalarınan bolıp tabıladı.

**Juwmaqlawshı bólim** Jańa dáwir óziniń kúshli hám qarama-qarsılıqlarǵa tolı kórinisin sáwlelendirmekte. Mine sol qarama-qarsılıqlar processinde Ózbekstan milliy mámleketshiligin bekkemlew student hám student bolmaǵan jaslardıń ideologiyalıq sawatlılıǵı, búgingi dúnyanıń quramalı ekenligin tolıq hám ilimiy ańlawın talap etedi. Mámleket hám xalıqtıń máplerin qorǵaw jaslar ideologiyasın qorǵaw bolıp tabıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Mirziyoyev Sh.M. BMT Bosh Assambleyasining 72-sessiyasida nutqi.https://uznews.uz/posts/46663
2. Qadriyatlar va ijtimoiy taraqqiyot (ilmiy ishlar to‘plami). –T; “O‘zbekiston”, 1997. B.198;
3. Komilov T., Abidova S. Milliy axloqiy qadriyatlar va ularning tarbiyaviy ahamiyati. O‘zR FA, “Fan”, 2000. B.20.
4. Ortiqov N. Ma’naviyat: milliy va umuminsoniy qadriyatlar. - T; “O‘zbekiston”,1997. B.48.